

Yon prensip jesyon

Onètete



“Manti va mete nenpòt moun nan pwoblèm, men se onètete l ki va defann li.” Pwovèb 12:13

By John E. Schrock

Souliyen konsèp kle w jwenn nan prensip sa a.

Webster defini onètete kòm jis ak sensè, epi ki p ap twonpe. Anrezime sa dekri yon moun ki p ap bay manti, twonpe oswa vòlè. Sa enkli manipilasyon oswa deklarasyon ki twonpe moun ak entansyon deseewa. Sepousa pwovèb nan di, manti va lage nou nan pwoblèm. Premye manti a se te laverite ki te di nan entansyon deseewa. (Gen. 3:4-5). Onètete se pa jis laverite men senserite, sa enkli entansyon pou di laverite. Sepousa Webster di lonètete otantik, fran epi ouvè; ouvè vle di transparan.

Onètete se valè debaz karaktè. Se establizatè oswa gouvènay nanm nou. “se pwòp defans li.” Nou pa kapab separe laerite ak onètete de Bondye. Onètete se plis pase laverite; li dil ak motif epi entansyon. Se yon vwa nan noumenm ki sigjere nou di laveite anvan nou bay manti. Fondatè nou yo te konprann sa lè yo te fè konstitisyon nou an. Fè sèman te vle di “di laverite, toutlaverite epi sèlman la verite.” Yo te konnen onètete te plis pase laverite ;li te vle di toutlaverite sou kesyon an. Onètete se pwobableman pigwo nan valè imenn. Onètete bannou gwo benefis pèsònèl epi menm pigwo rekonsan pou kominote ak nasyon an.

Annou gade kijan yon sosyete t a ye si toutmoun te onèt:

1. Nou pa ta bezwen fèmen pòt nou akle oswa geny kloti oswa miray otou biznis nou.
2. Fòs polis nou ta diminye paske majorite krim se manti, vòlè ak twonpe ki mennen yo
3. Kantite divòs ta diminye paske nou ta rezoud pwovlèm nou lè youn pa twonpe lòt.
4. Dròg ilegal ta elimine epi nou pa ta tande gen krim ankò.
5. Nou t a va elimine gadyen sekirite.

Nou t a pratike “fè lòt moun sa nou t a renmen yo fè nou.”

6. Anpil avoka t a dwe cheche yon lòt travay paske se lemonn nou ki t a garanti pou pifò tranzaksyon nou.
7. Takx t a vin 10% sans sichaj, selon estanda Labib.
8. Biznis t a kapab fonksyone ak mwens direksyon paske anlwaye yo t a va onèt nan travay yo.

Genyen anpil lòt avantaj yon sosyete ouvè konsa t a kapab pwodui, se sa yo va rele libète. Se t a lavi jansadwa. Wi, t a gen plas pou diferan opsyon ak agiman, epi lwa yo t a la pou inyoran ak awogan. T a genyen vyolasyon lalwa, men se pa movezentansyon ki t a va lakòz sa. Nou t ap toujou genyen malantandi e nou t ap toujou fè erè, men nou pa t ap fèekspre. Nou t ap fè lemye nou kapab epi nou t ap pran responsabilite pou rès la.

Yon pati na rezon gouvènman pa okipe mal ak koripsyon se paske jesyon « peche » bon pou ekonomi an. Pou yomenm krim kreye travay pou avoka, tribinal, seriryè, sistèm siveyans, gadyen sekirite, epi yon tòn lòt bagay. Pou kèk moun sa se yon opòtinite pou kreye djòb epi monte taks pou konbat krim. Ap toujou genyen enpe koripsyon, men twòp koripsyon va petèt fè ekonomi nou tonbe nan nivo peyi tyèmonn.

Eske l pa etonan pou nou voye moun sou lalin epi genyen lagè mondyal san nou pa kapab fini ak malonètete? Tout bagay vin tounen sou onètete delatètopye. Si nou koumanse depanse lajan taks pou edike sosyete a nan valè onètete epi ranfòse lalwa ak sanksyon rapid epi sevè kont malonètete, nou t a kreye yon sosyet agreyab ki kontwolab ak yon 10% tax plat epi jwenn lajan ki t a rete pou enfrastrikti. Petèt nou t a dwe konsidere Pwovèb 20:30: “Pinisyon ki fè nou efase mal nan kè nou.”

Pou nou bati yon sosyete onèt, nou dwe loumanse lakay nou, pandan nou va ansye pitit nou pou yo onèt epi respekte lalwa ak otoriteaw . Yo dwe wè epi fè eksperyans valè onètete pou tèt yo. Petèt nou t a dwe pratike Pwovèb 25:5, “Lè w retire yon moun koronpi nan lakou wa a, rèy li va vin plis jis epi pi bon.” Onètete se Bondye; se bon fason pou nou bati yon sosyete dwat epi jis.

Prensip sa se yon pati pwogram yon lane devlopman karaktè:

Fondations pou Sikse.

Panse pou medite:

Koripsyon se yon malady fatal onètete sèlman kapab geri.

Evalye tèt ou de 1 a 10	1	2	3	4	5	6	7	8	9	10
Poukisa w bay tèt ou nòt sa a?										
Ki avantaj ou kapab jwenn lè w ogmante nòt ou?										
Ki aksyon espesifik ou kapab fè pou verifie avantaj prensip sa a?										
Lis verifikasyon lekti w fè toulejou sou prensip sa a.	M	T	W	T	F	S	S			

Konplete

Pa konplete